



Governor Andrew M. Cuomo
State of New York



Governor Chris Christie
State of New Jersey

Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2017

GOUVÈNÈ CUOMO AK CHRISTIE ANONSE ANGAJMAN YO PRAN POU FINANSE MWATYE DEPANS POU NOUVO TINÈL DANTRE ETA YO A 100 POUSAN

Eta New York la pran Angajman pou l Envesti 1.75 Milya Dola; NJ TRANSIT pran Angajman pou l Envesti 1.9 Milya Dola

Otorite Pòtyè a pral Finanse 1.9 Milya Dola pou bay yon Total 5.55 Milya Dola lè yo Melanje tout Flnansman yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Chris Christie te anonse angajman yo pran pou finanse a 100 pousan pati New York ak New Jersey responsab nan depans pou nouvo Tinèl Dantre a (Gateway Tunnel). Angajman an vini apre yon akò kad ki te fèt an 2015 kote goouvènman federal la pral finanse 50 pousan nan pwojè tinèl Dantre a, ki se yon pòsyon esansyèl nan Koridò Nòdès la (Northeast Corridor, NEC) ki konekte New York ak New Jersey e se gwo pwojè enfrastrikti ki pi ijan ak pi enpòtan nan peyi a.

Pwojè Tinèl Dantre Hudson (Gateway Hudson Tunnel) 12.7 milya dola a gen twa eleman ladan: (i) yon nouvo tinèl a de vwa, (ii) Anvlòp Beton Hudson Yards la (Hudson Yards Concrete Casing) ak (iii) reyabilitasyon Tinèl Amtrak Onò Rivyè a (Amtrak North River Tunnel) ki la deja a. Envestisman ki anonse jodi a yo genyen ladan yo 1.9 milya dola NJ Transit la, 1.75 milya dola Eta New York la ak 1.9 milya dola ke Konsèy Komisè Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey Board of Commissioners) te deja pran angajman pou yo investè anvan. Ansanm, investisman sa yo bay yon total 5.55 milya dola k ap finanse konplètman a 100 pousan, pati nou responsab onivo lokal yo pou eleman Pwojè a ki pi ijan, ak pi sansib pa rapò a tan yo: ki se konstriksyon yon nouvo tinèl ak Anvlòp Beton Hudson Yards la k ap koute 11.1 milya dola ototal nan 12.7 milya dola depans konstriksyon an.

“Tinèl Dantre a enpòtan anpil pou vitalite alontèm tout rejyon Nòdès la e se youn nan pwojè enfrastrikti ki pi enpòtan nan peyi a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eta New York la ap pran responsabilite pou finanse pati pa li a nan angajman finansye sa pandan n ap rekonstwi enfrastrikti nou an toupatou atravè eta a. Kounye a, gouvènman federal la dwe respekte angajman li te pran pou finanse lòt mwatye a epi fè pwojè ijan, ki ta dwe fèt depi byen lontan sa a vin yon reyalite.”

“Angajman nou pran jodi a make yon etap majè esansyèl nan kad konstriksyon Pwojè Tinèl Rivyè Hudson nan, epi l ap ajoute sou travay nou te kòmanse fè nan kòmansman ane sa a ak premye travay konstriksyon Pwojè Pon Pòtal Nò a (Portal North Bridge Project). Li mete pwojè a nan pozisyon pou l antre an konpetisyon touswit pou fon Sibvansyon Envestisman Kapital (Capital Investment Grant) federal la yo”, **Gouvènè Christie te deklare.** “Pwojè Tinèl Hudson nan enpòtan anpil pou ekonomi rejyonal ak nasyonal la epi l ap pwoteje kont yon senaryo ki gen chans pou l katastwofik, ki se fèmti youn nan de tib Tinèl Onò Rivyè a ki la deja yo. Ansanm ak reyabilitasyon tinèl ki la deja a, pwojè sa ap fè Koridò Nòdès la vin genyen kat vwa ant New Jersey ak New York ki pase sou Rivyè Hudson nan, k ap pèmèt sikilasyon plis ogmante alavni.”

Enfòmasyon Jeneral

Pwojè Tinèl Rivyè Hudson nan enpòtan anpil pou ekonomi rejyonal ak nasyonal ak byennèt anviwònmantral la. Tinèl Amtrak Onò Rivyè a, ki te ouvri pou sèvis an 1910 la e li se sèl kafou ray vwayajè entèiben k ap rantre Vil New York soti New Jersey a, te sibi anpil domaj sevè akòz inondasyon lanmè a pandan Gwo Tanpèt Sandy a an oktòb 2012 la. Klorid ki soti nan dlo lanmè a rete nan tout enfrastrikti estriktirèl, mekanik, ak elektrik tinèl la. Sa ki rann pwoblèm nan pi grav ankò se mank kapasite double atravè Rivyè Hudson nan pou antre nan Penn Station New York la, ki te lakoz yon sèl pwen defayans. Tout entèrispsyon sèvis, kèlkeswa yo planifye yo oubyen se ijans, ka diminye oubyen sispann sèvis ray yo nan yon fason konsiderab, k ap lakoz reta kataskwofik k ap pwopaje monte desann nan Koridò Nòdès la, k ap gen enpak sou 200,000 pasaje k ap vwayaje chak jou ak sou vwayaj pasaje entèiben yo.

Konstriksyon pwojè a nesèsè pou evite senaryo katastwofik k ap genyen si yo ta fèmen youn nan de tib Tinèl Amtrak Onò Rivyè a ki la deja yo anvan konstriksyon ak achèyman yon nouvo Tinèl Rivyè Hudson; fèmti youn nan tib Tinèl Amtrak Onò Rivyè a yo ka diminye kapasite de jiska 75 pousan. 24 tren ki itilize tinèl la dabitid chak èdtan, t ap redwi a 6, sa ki ka paralize ekonomi rejyon an epi k ap gen enpak sou tout peyi a. Konsidere nati enpòtan Pwojè Tinèl Hudson nan, yo te akselere pwosesis revizyon anviwònmantral la e yo prevwa l ap resevwa apwobasyon anviwònmantral federal yo atan vè mas 2018 oubyen anvan.

Dapre yon akò kad ke Gouvènè yo te anonse ansanm ak Senatè rejyon yo an Novanm 2015 lan, Eta yo ak Gouvènman Federal la te dakò pou yo pataje depans pwojè sa sou yon baz 50:50. Kad la te mande tou kreyasyon Konpayi Devlopman Pòtay la (Gateway Development Corporation, GDC) pou li responsab devlopman Pòtay la.

1e Faz Pwogram Pòtay la genyen ladan l twa eleman, de premye yo patikilyèman sansib pa rapò a tan - Pwojè Pon Pòtay Nò a ak nouvo Anvlòp Beton Hudson Yards la, kote yo chak reprezante yon sèl pwen defayans ki t ap paralize Koridò Nòdès la.

Nou deja investi pati finansman nou responsab onivo lokal yo pou Pwojè Pon Pòtay Nò a konplètman e premye travay konstriksyon an te kòmanse an Oktòb 2017. Nou prevwa gwo konstriksyon an ap kòmanse an 2018 an atandan envestisman pati finansman federal la.

Investisman Gouvènè yo anonse jodi a yo deja konplètman finanse pati yo responsab onivo lokal pou nouvo Tinèl Rivyè Hudson nan ak Pwojè Anvlòp Beton Hudson Yards la, ki se lòt eleman Pwojè a ki sansib pa rapò a tan.

Yo pa prevwa reyabilitasyon tinèl ki la deja yo ap kòmanse anvan 2026, e l ap koute anviwon 1.6 milya dola; pati finansman yo responsab onivo lokal la se 800 milyon dola.

Detay Investisman Jodi a yo

Nan yon lèt yo voye bay Depatman Transpò Ameriken an (U.S. Department of Transportation, USDOT), Direktè Bidjè Eta New York la (New York State Budget) Robert Mujica, te di Gouvènè Cuomo pral pwopoze nan bidjè egzekitif Eta a k ap vini an, yon apwopriyasyon chak ane sou yon peryòd 35 ane pou peye sèvis dèt sou yon prè 1.75 milya dola ki gen enterè fiks yo te bay Konpayi Devlopman Pòtay la pou yon tèm 35 ane nan kad pwogram Finansman Reyabilitasyon ak Amelyorasyon Finansye Ray Tren USDOT la (Railroad Rehabilitation & Improvement Financing, RRIF). Ou ka jwenn lèt Direktè Mujica voye bay USDOT la [isit la](#).

Kontribisyon NJ TRANSIT nan depans Pwojè a konfòm ak kad finansye Gouvènè New Jersey ak New York yo te anonse an Novanm 2015 lan. Dapre kad sa, yo dwe atribiye pati federal ak lokal yo responsab pou Pwogram Pòtay la nan fason egal, epi sipò federal la konte pou 50 pousan nan pwogram nan epi Eta New Jersey ak New York yo (ki genyen ladan Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a) ap pataje rès 50 pousan an. Ou ka jwenn Lèt Direktè egzekitif NJ TRANSIT la Steve Santoro, te voye bay Konpayi Devlopman Pòtay la ki dekri angajman NJ TRANSIT pran pou sipòte 1.9 milya dola pou konstwi nouvo tinèl Hudson nan [isit la](#).

Otorite Pòtyè a, sou lòd Gouvènè yo, te pran angajman pou investi 2.7 milya dola nan kad plan kapital 10 an li an, ke yo te adopte nan kòmansman ane 2017 la, pou Pòtay la. Sa gen ladan apeprè 300 milyon dola Otorite Pòtyè a te pran angajman pou l investi nan Pwojè Pon Pòtay Nò a - ki se yon lòt eleman ijan nan Pwogram Pòtay la. Yo dedye rès 2.4 milya dola pou nouvo tinèl Pòtay la - k ap koute 1.9 milya dola nan depans anvè konstriksyon an apre frè ak enterè USDOT yo akimile pandan peryòd konstriksyon an.

###